

Enstriksyon pou Kolekte Echantiyon nan Vajen ak Eponj Prelèvman Aptima



Etap 1: Prepare Eponj Prelèvman an

Kenbe eponj prelèvman an ant gwo pous ou ak endèks ou nan mitan baton an. **Pa kenbe baton an anba liy nwa a. Pa manyen pwent mou eponj prelèvman an oswa mete l sou nenpòt sifas.**



Etap 2: Kolekte echantiyon an

1. Foure eponj prelèvman an ak anpil atansyon nan bouboun ou apeprè 2 pous (apeprè longè yon tanpon).
2. Chanje eponj prelèvman an bò dousman pandan 10-30 segonn, asire w ke li touche pawa vajen an pou eponj prelèvman an absòbe imidite.
3. Retire eponj prelèvman an ak anpil atansyon san touche po ou.



Etap 3: Sekirize echantiyon an

1. Mete eponj prelèvman an nan tib koleksyon an.
2. Kase baton an nan liy nòt la epi **kite pwent eponj prelèvman an andedan tib la.**
3. Byen vise bouchon an sou tib la.
4. Jete rès pòsyon ki nan tèt baton eponj prelèvman an.



Enpòtan

Si tib koleksyon an koule, tanpri avize yon manm pèsònèl la imedyatman.